

К2
П-65
6-7кл



# МУҲАББАТ ҚОСЫҒЫ

У. ПИРЖАНОВ

Книга должна быть возвращена не позже указанного здесь срока

Количество предыдущих выдан

15.03.21

Узб. отд. РППО «Союз» б/ф. 99-1-90
тир. 4.700.00. Г. П. Зак. Б-22

фой
ялли
ҳамо
150
кучл

П-65
6-7 кл

УЗАҚБАЙ ПИРЖАНОВ



# МУҲАББАТ ҚОСЫҒЫ

ККАССР
Республиканская детская
библиотека
ОПИСАНО

„ҚАРАҚАЛПАҚСТАН" БАСПАСЫ
НӨКИС—1970.

Жас талант ийеси Узакбай Пиржановтың бул идералды топламы науқыран жаслықты, туўылған жердиң гөззаллығын тәриплеуге, уатан ышқында жасаў ҳәм оны шексиз сүйиуге толы.

Шайыр: Ақсам жүреклерде таза қан болып,
Гезсем ниядалап елден-еллерге,
Гүл тозаңы кирпигиме шаң болып,
Қонса ыразыман. Саҳра шөллерге,—
Әмиудей тасқынлап,
Алға жылжысам
Шөлин қандырсам.
Бир бостан жаратыў
Әрманым мениң!—дейди ҳәм топламға
„Муҳаббат қосығы“ деп ат қойған.

Ҳәр бир китап оқыушы шайыр кеўлиниң мөлдир шәшмесинен суў ишип, рәҳәтке бөленеди.

20789
MA'LIM... RESURS... ORAY...

КК2 Пиржанов У.
П--65 Муҳаббат қосығы. Нөкис „Қарақалпақстан“, баспасы. 1970. 49 бет.

7—4—3
59—70 м.

## АДАМЛАР.

Адамлар, адамлар, адамлар,
Арада жақсы бар, жаман бар,
Адамлар ҳаққында адамлар!
Жақсы сөз, жаман сөз айтылар.
Гейде биз жаманға инанып,
Жақсының кәдирин билмеймиз,
Жақсылар соңынан танылып,
Жақсы аты кешкенде гүўлеймиз.
Сонлықтан жаманнан түңилип,
Жақсыдан үлги алып келемиз.
Кетсек те топыраққа көмилип,
Жақсыға еликлеп өлемиз.

## ӘМИЎДӘРЬЯ ЖАҒАЛАСАМ БОЙЫҢДЫ.

Жулдызлар серпилип шолпан батқанда,
Боз думанлы алтын таңлар атқанда,
Сағымланып батысқа сап тартқанда
Ақ тал жапырақлары сыбырласқанда,
Әмиўдәрья, бойларыңда болғанман,
Бәлент кенарыңнан карап турғанман.

Гөззал жағалаўың қайырлы қумың,
Шықларға малынған қамыс, урығың,
Айдыныңда ойнар тентек толқыныың,
Тутыўына қара балалығымның!...
Сонда сулыўлыққа нәзер салғанман,
Сенде бәрин көрип ҳайран қалғанман.

Бирақ келгеним жоқ ҳайран калыўға,
Қуры сулыўлықты сайлап алыуға,
Мен бала емеспен қармақ салыуға.
Мен куштарман ләззетиңнен татыуға,
Таңда шийрин хош ҳауаны жутқанман,
Жипек самалыңа көксим тутқанман.

Қарап турсам асау нәтли ағысың,
Турмыс тасқынындай алға шабысың,

Сулыўлық мәканы жасыл жағысың,
Бәри Ўатан ушын, бәри халық ушын,
Сеннен ада болмас байлық алғанман,
Гүлленген шағында мен туўылғанман.

Әмиўдәрья, жағаласам бойыңды,
Ығызып кетесең қыял, ойымды.
Биреўлер сораса тарийх сырыңды,
Мақтаныш етемен тамшы суўыңды,
Суўыңды... Өйткени ишип қанғанман,
Сөйтип рухыма азық алғанман.

## БАЛАЛЫҒЫМ...

О, сен балалығым, шийрин әрманым,
Сен не татлы ойға сырлас қылмадың;
Бүгин саған алаң болып турғаным,—
Бир жерде парасат тауып турмадың.
Бәлентке қонақлап бәҳәр жаршысы,
Өпепек өз атын айтып шақырар.
Алыс мәнзиллердиң жәулан елшиси,
Көкте қыйқыуласар ғазлар, тырналар.
Тағы көгис тартып қыйсық ақ таллар,
Селдир жапырағынан сая төгежақ.
Көкти еркин гезген мәкансыз бултлар,
Ауыр кәруан тартып қайда көшежақ?!
Булттан түскен тамшы төмен сырғанап,
Ойпат излеп тастан-тасқа жумалар.
Көк шөплердиң көрки таңда әжайып
Шырайлы көринер сай ҳәм жыралар.
Тикжарда шошаңлап, ешки, ылақлар,
Сууға жығылғанша ойнар бийпәруа.
Зер ирең, камары мөмин қозылар,
Жылғаны жағалап, шабысар сайда!
Бир ала көзлерге мегзеген булақ,
Аспан аясында жатар тунжырап.
Маржан тамшыларын терсем ууыслап,

Гәўҳарлар төгилсе мөлт-мөлт жылтырап.
...Өзин тәндар сезип, бозғылт шекшеклер,
Шоршып секирисер меннен аўлаққа
Ерни жырық, муртлас, қасқа гөжеклер,
Тың-тыңлар зор берип сыпыра қулаққа.
Жөнсиз кесек атып, түбинде турып,
Ҳәррелер шаққанда жылағанларым.
Бир бәлент шақаға әткеншек қурып,
Аркан үзилгенде жығылғанларым.
Бәри-бәри маған гөззал көринер,
Бунда мен ойнаған жылға бойлары,
Сайға шөккен думан әсте серпилер,
Демек, толып-тасар жигит ойлары...

## ЖАНАН ОЙНАСЫН

*(Өзбекше намаға)*

Аналар кеўлинде қустай талпынып,
Нәресте илҳамы—перзент ойнасын,
Заўқы жылўаланып, таңда қулпырып,
Гүллер додағында қуяш ойнасын.

Бағлар жарасығы салқын саяда,
Бүлбил ушып-қонып, қумыры ойнасын,
Мақтасам яр ләби айдан зияда,
Палдан шийрин поса, күлки ойнасын.

Кеше күндиз жипек сабақ саўмалап,
Кесте тиксе он бармағы ойнасын,
Меруерт моншақ етегинде жумалап,
Қыялын урлаған ҳөнер ойнасын.

Бизиң ҳәр таңымыз тойға уласып,
Кеўлимде сөз тоқып, қәлем ойнасын.
Жипектей есилип, сазға қосылып,
Буўыны босасып жанан ойнасын.

## ЗУЛФИЯҒА

(„Не бәлеге мунтала еттиң" деген қосығына)
жуўап

Ҳәр таңда шық түсер райхан гүлге,
Бүлбил зибан берер лал болған тилге,
Меҳрим, муҳаббатым кәдирдан елге,
Эй, қыз шашларыңды муңлы тарама,
Қара шалғыңыңды баска орама.

Тақыяңда зер көрип көзим қамасты,
Самал дебдиўимизди бағларға шашты,
Гүллер бир сақлаўлы сырымды ашты,
Жалынсаң бүлбили қайтып қонарма,
Мәңги уйқысынан ол оянарма?

Бәҳәрден сорама, шайырдың атын,
Темир зәңленеди, тот баспас алтын,
Билгенлер биледи, айырар парқын,
Жыласаң көз жастан орны толарма,
Айтшы нәмәртлерден нышан қалар ма?

Айралық урласа журектиң ышқын,
Демиңнен үрленер жалынлы ушқын,
Оқысаң таўсылмас уйқысыз үш түн.

Булақ сарқыларма, билсең тынар ма,
Мөлдир суўларына мийриң қанар ма?

Жүкти нар көтерер, ҳәсиретти мәртлер,
Гүлдей шешек атар арзыў, тилеклер,
Шадлықтан туншығар сендеги дәртлер,
Шадлықтың тарларын шертпей болар ма,
Шайыр муҳаббаты изсиз қалар ма?

## АТЛАС КИЙИП ШЫҚСАҢ...

Атлас кийип шықсаң Әмиў бойына,
Пәтли ағыс қозғаў салар ойыма,
Муҳаббат дәптерин салып қойныма,
Арзыўлым изиңнен ергим келеди.

Ийниңде хан атлас заўқы гүл шешек,
Сийнеңди қытықлар толқыған жипек,
Ышқыңда болғанман көзсиз гүбелек,
Бул жасыл жағыста жүргим келеди.

Ылай суў айланып әстен тынғанда,
Еңкейип ишпей ақ мийрим қанғанда,
Жуп кегершин жарға келип қонғанда,
Яр сениң пәрўазың көргим келеди.

Мақпалдың түгиндей кирпик, қасларың,
Түнниң сағымындай қара шашларың,
Мен сени сағынып ауса аңсарым,
Сууға нәзеримди салғым келеди.

Хат жазсам кеўлиме қанат питкенде,
Қыялым сени излеп тарап кеткенде,
Сениң бир хабарың маған жеткенде,
Сүйиншиге саўға бергим келеди.

Айдында шаншыса сүуен я сазан,
Үркип ушып кетер тырна, бир қазан,
Мәгер қус жолында қалғандай тозаң,
Көктен гәуҳар, жулдыз тергим келеди.

Наукыран жаслығым толқындай туулар,
Бул алтын жағалык күлкиндей жанлар,
Түнде қайтсам сууда қалқып ай қалар,
Сен түссең ядыма турғым келеди.

## ХАТ

Жыллар өтип тозыўы жетип,
Пидә болды жазған хатларың,
Ақ қағаздың қунары кетип,
Сарғыш тартып өшти атларың,
Пидә болды жазған хатларың.

Өшти, бирақ қағаздан өшти,
Умыт болып гейбир гүманлар.
Барлығы да жүрекке көшти,
Сырлы сөзлер, шийрин әрманлар,
Умыт болып гейбир гүманлар.

## ҚОҢСЫ ЖЕҢГЕЙ

Қоңсы жеңгей азанда келип,
Түнде шыраң сөнбеди десе,
Түн уйқыңды сонша төрт бөлип,
Не болды деп кейнинен күлсе.

Ишки сырын айта алмаған,
Тартынаман уялшақ қыздай,
Ал ҳәзили жағады маған,
Нәўбәҳәрде ериген муздай.

Мени аяп қыйылып, қарап,
Уйқың шала, үйлен, дер жеңгей,
Қайдан билсин билмесе сорап,
Екеўимиздиң жүрегимиз теңдей.

Маған усап уйқыдан кешип,
Байғус өзи бесик тербетер,
Жүрегимнен сөнбес нур түсип,
Ақ қағазда илҳам ер жетер.

## САҒЫНЫЎ

Мен барлық еркимди бердим өзиңе,
Нокат един, кал көриндиң көзиме,
Жыл қусларын ертип алып изиңе,
Бәҳәр қарлығашы болып ушып кел.

Ышқы ҳүкиминде көпке таныдым,
Әрман кушағында сени сағындым,
Таңның ерке самалына жалындым,
Жолларыңа жуўсан, жупар шашып кел.

Көз ушында қызғыш шаршың желбиреп,
Гүлге түскен шықтай сырғаң мөлдиреп,
Яр сүйген мийримли кеулиң елжиреп,
Бота көзлериңнен күлки шашып кел.

Таўлардан сылдырап аққан булақтың,
Тутқыныман тәнҳа алыс жырақтың,
Жулдызым жылысып қайларға ақтың,
Муҳаббат гәўҳарын шашпай алып кел.

Бағдан шығып бостан излеп кетпейин,
Сенсиз арзыу-арманыма жетпейин,
Опалы яр, опасызлық етпейин,
О, сүйиклим еркем кушақ ашып кел.

## ГҮЛЛЕР АШЫЛДЫ.

Бәҳәр!
Бәҳәр, келип, гүллер ашылды.
Ғумша додағына сырларыңды шаш,
Бағлардан бостанға ийиси шашылды,
Мыңсан жылуасына қушағыңды аш.
Танда жуғырласып, бәри тарасып,
Қуслар уя салар, шоқ-шоқ талларда.
Жер қойнына сийнесине жарасып,
Гүллер зауқы дөнер ойпат, қырларда.
Атлас қанатына сәуирди ертип,
Гүбелеклер тынбай нәуше гүл излер.
Гүллер көрки мени шала мәс етип,
Қушағына тартар кең жайлау, дүзлер.
Самал ойнап алса ақыл ҳуушымды,
Туңғыш бүртик жарған ақ тал тербелер.
Гүл ашылды, демек, сырым ашылды,
Көк көйлекли бәҳәр қызы еркелер

. . . . . . . . . . . . . . . . . . . .

Шыннан гүлге мегзер еди келбетиң,
Дәслеп ушырасқанда лал еди тиллер.
Сениң әрманыңдай таңның сүуретин,
Қызғыш сағымларға бөлеген гүллер!
Гүллер . . . кимди жоқлап ырғалысасыз.

Бунда мени излеп сол қыз келди ме?
Неге мыйық тартып сыбырласасыз.
Мен деп жылуа таслап, сеннен терди ме?
Шебер бәҳәр қызы, торлап тоқыған,
Әжайып көринис, әжайып нағыс!
Кеўлимди сергитип қыял урлаған
Сәлем тынық суўлы, әй жасыл жағыс!
Бир пәс муҳаббатым саған алданып,
Және алаң болдым алыс-алысқа.
Және қызыл, жасыл гүллер доланып,
Жаслықтың сырларын шашты тум-тусқа.

65039
20789
ККАССР
Республиканск. детская
библиотека

2--90

## ЖЕТИМ ҚЫЗ

(*Шын қобыз намасы*)

Шын қобыз шертилди муңлы бир нама,
Ғамгүн кеўиллерди толқындай тербеп.
Жыртық бөз көйлекли бир қыз ғайбана,
Есиктен-есикке кетти тентиреп.
Жетим болмағанда бозлап, еңиреп,
Өз дәртин айтарма, тилсиз муңайып.
Кемпирлер өтмишти еслеп кемийек,
Қалды гүбирленип бир пәс аңырайып.
Кетти қыялларым саҳра, шөл гезип,
Ерген көлеңкедей қыздың изине.
Ҳәсирет бийшараның баўырын езип,
Тәселле бере алмай өзи-өзине,—
Қыз келди, тозаңғып қара шашлары,
Муңлы көзлеринен жасы моншақлап.
Алдында қәбирдиң қулпы таслары,
Үстине жығылды, оны қушақлап,
Сонша сууық еди көгис, қара тас,
Сонша ыссы еди қыздың қушағы.
Әттең жылымады жансыз қара тас,
Биракта суўыды қыздың қушағы.
Тәғдийир қайра салса оған не шара?!

Уйықлады түсинде көрди анасын,
Оқ тийген аққуўдай сынсып бийшара,
Сүйди маңлайынан, сүртип көз жасын.
„Қызым!“—деп қол созды. Қызы оянып,
Солғын жүзлерине шөкти ғәриплик,
Жалтаң жетимликте жағын таянып,
Жылады, ғамқорым қайда ғамқорлық:
„Қара шашым өсип, қасыма түсти,
Не саудалар мениң басыма түсти“,
Бир шымтым уў-зәҳәр асыма түсти
Ғамқорым анажан, қайда ғамқорлық?!
Шын қобыз шертилди муңлы бир нама,
Ғамгүн кеўиллерди толқындай тербеп.
Жетимликтиң зарын айтып атама,
Шешемниң—шешеси отыр еңиреп...

ККАССР
Республиканск. детская
библиотека

## АВГУСТ АҚШАМЫ

Бир жулдызды қасына ертип,
Ай туўғанда серпилер геўгим,
Сырларымды сууға урлатып,
Парасатсыз толқыса кеўлим,
Қушағына тартып әтирап,
Түнги самал нур менен ойнар.
Дирилдеген толқын жарқырап,
Булақ сарқырап.—
Тастан шығып атлығып қайнар.
Сонда мени ышқы соқпағы,
Теңселдирер көшеме-көше.
Әйнегиңнен телмирип тағы.
·Сени күтиў бул маған пеше.
Дыққатымды тутқының етер,
Тал жипектей ҳаўазың майда.
Түнги даўыс алысқа кетер,
Саз шертилер сен турған жайда.
Тал-тал болып қара шашларың,
Ақ сийнеңе төгилип дөнип.
Жалыққандай сағынышларың,
Муҳаббаттың ҳәмирине көнип.
Ерке күлки шақырып көзиң,

Алысларға қарайсаң қыйқаш.
Жеккесиреп неге бир өзиң,
Айтажағың кеўлиңе сыймас.
...Саўсақларың ойнайды тарда,
Нәзик етип қытықлап әсте.
„Ақшам кел“ деп айтқаның қайда,
Сен деп мениң жүрегим „қәсте“.

## 3. ҒА.

Мен сен деп адасып кейниме қайттым,
Бағларда айралық қосығын айттым,
Таңларда қалғыған қусты ояттым,
Айсаң қапталыңа өрген жулдызбан.

Бәҳәрде қыз болдың гүлдей доланып,
Татлы түс көргендей қалдым алданып,
Жаслық дәуранымыз келмес айланып,
Ышқыңда мудамы жаңлаған сазбан.

Ҳәркимде ҳәртүрли қыйлы қал болар,
Нарт жапырағын жулма нәрўан тал болар,
Сени көрсем, шешен тилим лал болар,
Кеўлим қыз кеўлиндей мен де бир „қызбан".

Муҳаббат соқпағы-нәзиксең, тарсаң,
Кеўлим сол қыз десе тасқын дәрьясаң,
Арзыўлы дилбарым ядымда барсаң,
Гәўҳарсаң, тереңде қалған қундызбан.

Жаз өтсе соңынан салқын гүз-келер,
Муҳаббат мәўсимсиз дүркин қыз келер,
Қызларға қосылып жылўа наз келер,
Күлкиңди еситпей сенсиз „жалғызбан".

## БӘЛКИ ..

Көзлеримнен уйқымды алдың,
Шийрин қосық-жырымды алдың,
Оқып болып түсинбеймен, — деп
Сыр бермедиң сырымды алдың.

Гә өзиңди гә, мени қыйнап,
Гә күлесең гә ашыў жыйнап,
„Сүймеймен", деп айтпасаң болды,
„Түсинбеймен", — деп
Бәлки... айтқан шығарсаң ойнап.

## АҚШАМ ЖАҒЫСЫҢА КЕЛСЕМ...

Айдынында ийрим қайнар,
Ай сәулеси қалқып ойнар,
Жулдыз сийнеңди аймалар,
Сырларыңды ықшамладың,
Бунша көркем ақшамларың.

Салқын самал,—салқын ҳәўир,
Желписе басланар сәўир.
Маған мудам жаслық дәуир,
Бағыш етер толқынларың.
Бул ҳазарсыз шаўқымларың.

Ырғатылып кегей таллар,
Нарт шақасын сууға малар,
Көзлерим ағыста болар,
Нур ойнайды саясында,
Тик жарлардың қыясында.

Зер нағыслы жағысларың,
Гүўлер нәруан қамысларың.
Мың жылўалы ағысларың,—
Толқын тиркеслерин ертип,
Ығар түнниң сазын шертип.

Қалғып жағар кең әтирап,
Мийрим қанбас қарап-қарап.
Жапалаклар уйқысырап,
Мүлгип эсте қыял сүрер,
Түн пайызын тәуир көрер.

Көзлеримнен уйқы қашып,
Кирпиклерим гәуҳәр шашып,
Жүргим келер хәм „адасып“,
Әмиу саған көп ҳүрметим,
Мәужир мениң муҳаббатым.

Гумис сағым тербелиси,
Мисли кеулим түн еркеси,
Шомылғандай „суу периси“,
Мени өзине ашық етер,
Алдап ара қашық етер.

Гезген сайын гезгим келер,
(Бийопадан безгим келер).
Өрге қарай жүзгим келер,
Ҳешуақ кетпегеймен ықлап,
Өжетлик бер маған мықлап.

Қансам нәупир суўларыңнан,
Қосық жаңлар кенарыңнан,
Ақшам сениң дийдарыңнан,
Мәс болайын шайқалт мени,
Гә пияда, гә кемели.

## АНАЖАНЫМ

Бул кыялым мың әлўан дөнер,
Бала болып жасағым келер,
Сен алдасаң, инанғым келер,
Паҳ! Анамнан қайта туўылсам,
Бала болып ойнап, жуўырсам.

Биреў келип биреўлер кеткен,
Өмир мени шын ашық еткен,
Бул балалық ҳәркимнен өткен,
Паҳ! Анамнан қайта туўылсам,
Бала болып ойнап, жуўырсам.

Путағындай нарт шыбық талдың,
Балалығым, сен жайнап қалдың,
Көзим қыймай, хошласып қалдым,
Паҳ! Анамнан қайта туўылсам,
Бала болып ойнап жуўырсам.

Балалығым айланып келсе,
Айдарымнан жел еспей жүрсе,
Қатал тәғдир усыған көнсе,
Паҳ! Анамнан қайта туўылсам,
Бала болып ойнап, жуўырсам.

...Бесик жырын тыңлағанларым,
Әткеншекте уйықлағанларым,
Есимде жоқ жылағанларым,
Пах! Анамнан қайта туўылсам,
Бала болып ойнап, жуўырсам.

Ким урлады балалығымды,
Өзиме тән „даналығымды“
Дүзетер ем шалалығымды,
Пах! Анамнан қайта туўылсам
Бала болып ойнап, жуўырсам.

Қайда мениң тайыншақларым,
Шунатайдай қуўыршақларым,
Ала, күшик, ҳәм пышықларым,
Пах! Анамнан қайта туўылсам,
Бала болып ойнап, жуўырсам.

Қара талда жуғырлар шымшық.
Қуслар даўысы не деген қызық!
Кетер мениң көзлерим қызып,
Пах! Анамнан қайта туўылсам,
Бала болып ойнап, жуўырсам.

Қыял сүрип, көк шөпте жатып,
Бала болыў не деген бахыт!
Билмей қалдым тез өтти ўақыт,

Пах! Анамнан қайта туўылсам,
Бала болып ойнап, жуўырсам.

...Жыллар жылжып өмиримнен өтер,
Жаслық көрким жоғалып кетер,
Балалығым балама өтер...
Анажаным сен келмей кеттиң,
Сен қайда кеттиң?!...

## ЖЕТИ СУЛЫЎДЫҢ СИҢЛИСИНЕ

Жамылсаң жарасар жасыл өлгеймен,
Мыңлардың ишинен сени излеймен,
Мен ышқы булағын аңсап шөллеймен,
Кеўлим қыя бақсаң бостанға мегзер.

Жатсам сағынышларың қайта турғызды,
Ышқың мени „сейилледи" жүргизди,
Сүйгенлигим ушын сендей бир қызды,
Мениң муҳаббатым дәстанға мегзер.

Айралық соқпағы адастырады,
Таң самалы мени алдастырады,
Сени меннен келип сорастырады,
Кеўлим дәрья болып тасқанға мегзер.

Сеннен бурынғыны тәриплер бақсы,
Биймәлел, биййпәрўа жүрисиң жақсы,
Қашан ада болар сол „аўа, яқшы"
Сырласым сырласпай қашқанға мегзер.

Көктен ушып өткен тырнама, ғазба?
Сени сағындырған бәҳәрме, жазба?
Изге силтегениң жылўама, назба?
Колымдағы қусым ушқанға мегзер.

Үркип адасқандай саҳрайы жейран,
Инкәрим изиңде көзлерим ҳайран,
Бәҳәр әйямында етейик сайран,
Бағлар гүл, ғумшасын ашқанға мегзер.

Бәҳәрде жасарар шөлдиң сийнеси,
Қырларда шалқыйды гүллердиң ийиси,
„Жети сулыу"—жети қыздың сиңлиси,
Жигит барлық сырын шашқанға мегзер.

## ЖОЛ БОЙЫНДА

*(Граждан лар урысы қаҳарманларының „Тазғара"-дағы естелигине)*

Жаўын тынып, самал ескенде,
Булт додағы ыдырап көшкенде,
Жолаўшылар батпақ кешкенде,
Жол бойында жалғыз тораңғыл,
Жапырағында тамшы жылтырап,
Самал менен турар қалтырап

Өкиниши бардай бийқарар,
Ол алыстан самал шақырар.
Шоқ ырғалып, неге „аҳ!" урар,
Жол бойында жалғыз тораңғыл,
Сен ботасын жоқлаған нардай.
Теңселесең мықлы шынардай.

Түсликтен көп бир топ суңқарлар,
Түн қойнында сени паналар,
Нарт шақаңа қуслар қонақлар,
Жол бойында жалғыз торанғыл,
Сен сыбырла маған сырыңды,
Бөлисейин ҳәсирет, муңыңды.

Жас шығарсаң сен ол гезлери,
Бәлки душпан сени гөзледи,
Соқыр көздей оқтын излери,
Жол бойында жалғыз торақғыл,
Өзегиңнен „сүт“ төгилгенде,
Өшпес белги көргенмен сенде.

Гүуилдесең турғым келмес ҳеш,
...Сол саўдадан туўылғанман кеш,
Аңладың ба, сораўымды шеш?!
Жол бойында жалғыз торақғыл?
Шымбай жаққа кетким келеди,
Гә қыялым әлуан дөнеди.

Тас өрели естелик мунар.
Жолаушылар бул жерде тынар.
Кәбир сырын үнсиз еске алар,
Жол бойында жалғыз торақғыл,
Саяңды сал, әўладлар өтер,
Саған хәмме ҳүрмет көрсетер.

## ОКТЯБРЬ ҚАРЛЫҒАШЫ

*(Ҳәмза Ҳәкимзада Ниязийға)*

Ферғана үстинен тартылған жоллар,
Шийрин жүзимликлер, саялы бағлар,
Бир қыздың елеси кел деп қол былғар,
Сағынышым—сағынған биреўди излер.

Әсир жәўлаҳында ағарған „шашы“,
Мәңги қар кетпеген шыңлардың басы.
Сен деп даўысласам таўлар сазасы,—
Жаңғырар. Сағынышым биреўди излер.

Таўға сәўле шашар сәскелик қуяш,
Оян әй, қосықшы көзлериңди аш!
Самал асаў сезимимди алып қаш,
Сағынышым—сағынған биреўди излер.

Быйыл үлкемизде қырық жыллық байрам,
Гүлге дөнер қаның төгилген майдан,
Ҳәзир тирилгенде болар ең ҳайран.
Сағынышым—сағынған биреўди излер.

* * *

Таулы соқпақларда жеккелеп қалып,
Алысқа қарадың көзлериң талып,
Сен ала шапанды желбегей салып,
Гездиң бул жерди.

Жаңа дәуир көрки, дәстүрин баслап,
Қызлар пәренжесин отларға таслап,
Изиңе ергенде ел мәпин аңсап,
Сүйдиң бул жерди.

Түнектей мазарда сумлығы асқан,
Душпан тас атқанда саған билкастан,
Келешек ўақытта болар деп бостан,
Сездиң бул жерди.

*
* *

Қарап тау артынан тууған айларға,
Ойшаң нәзер таслап жылға-сайларға,
Мен қәбир басында шүмдим ойларға,
Мийримсиз қоллардан ылақтырылған таслар,
Маған қозғау салып көзимди жаслар.

Кеўлимди сергитер түнниң ҳаўасы,
Булақтан суў келер дәрттиң даўасы,
Мени алдарқатар шайыр ҳаўазы,
Мийримсиз қоллардан ылақтырылған таслар,
Маған қозғаў салып, көзимди жаслар.

Әй, сен тау̌ басында жылжыған думан,
Өкинишли-ау̌, топыраққа көмилген әрман...
Әрман иске асты изинде барман,
Гүу̌асызлар қанға боялған таслар,
Бул қәбир басында ийилер баслар.

* * *

Сол кеш Ҳәмзаабадта,
Мениң есимде,
Сахнаға жарасып шықты да бир қыз,
Ийилип көпшиликке қолы көксинде,
Биреу̌ди изледи көзи тынымсыз.

Рәу̌шан жүзинде көклем қулпырар,
Ғуншадай ләблери күлкиге бейим.
Пәренже емес бул жипек жамылар,
Бирақ;
Муңлы бир қосықты баслады кейин.
„Кеппей турып дарға жайған көйлегим...“
„Турсынай ғой, мынау̌ Турсынай, Турсын?!“
Артта биреу̌ кийди де көз әйнегин,
Сахнаға тигилип,
Еки бүгилип
Гүрсинди, өтмиштиң өкиниши қурысын.
Қалайда ол маған тәшу̌иш, ой салар,
Заманласын аңсар кеу̌лин қабартып.
Әлбетте жақсыдан жақсы ат қалар,
Қыз қосық айтқанда қызды жоғалтып,
Таңның қарлығашы жайып қанатын,

Сыйпап ушын өтти қыздың шашларын.
Бәлки... умытпаспан сол қыз саўлатын,
Көзимнен тамбады тамшы жасларым.

* * *

Бул ақшам аспанда ғуж-ғуж жулдызлар,
Тып-тынық булаққа Шолпан шомылар,
Қырық өрим шашларын тарқатса қызлар,
Салқын таў етегин гезгим келеди,
Өйтпесем тақатсыз жаным жалығар.

„Көк көлдиң" суўындай тынықсаң қыял.
Кел, ҳарғын илҳамым бул жерде дем ал.
Түн пердесин жулқып ойнаса самал,
Сол ашық жүзиңнен сүйгим келеди,
Биринши сахнаға шыққан сол ҳаял.

Әўладлар ушын деп жапа шеккенлер,
Еркинлик жолында қанын төккенлер,
Жаңа жас рухы қырыққа жеткенлер,
Сизлерди „тирилтип" көргим келеди.
Мениң бахтым ушын өлип кеткенлер.

*1964-жыл.*

## АПРЕЛЬ ТАҢЛАРЫ

Ашығыман ҳәр аткан таңның,
Сағыныш пенен түнлерим өтер,
Уйкысырап бийғам жатқанның,
Кирпиклери илинип кетер.

Жуп карлығаш кутлы қонағым,
Алыс елдиң ҳарғын елшиси.
Пәруаз етип жайып қанатын,
Танды гезип келер кеткиси.

„Қус жолында“ тырналар, ғазлар,
Оян кеүлим,—ассалам көклем!
Торғай өзин бәлентке сазлар,
Алтын танды қутлықлап көктен.

Толқып жатар жылғалар, сайлар,
Нәр себелер жауын тамшысы,
Жалт-жулт етип шақмақлар ойнар,
Зыр жууырса гезип жылқышы.

Жууып өтер жел менен тарап,
Көк майсалар желкилдер жасыл,
Алтын таңға тоймайман карап,
Нәубәҳәр бул өзгеше пасыл.

Ғумша ләбли арыўға мегзеп,
Гүл ашылар жасартып көркин,
Мен ғайбана биреўди излеп,
Кең даланы геземен еркин.

Сонда бир қыз жасыл тон кийип,
Саҳраларда қыдырар жалғыз,
Ерик гүллер шақасын ийип,
Панасында отырар сол қыз.

Сағыныш пенен түнлерим өтер,
Гезгим келер уйқысыз таңды,
Бәҳәр менен жаслығым келер,
Кеўлимде илҳам оянды.

## ЖАЎЫН

Тамды лəблериме бир суўық тамшы,
Шақмақ жалт етти де көкте ойнады.
Жолда баратырған бийғам жолаўшы,
Атын тежестирип пəтли айдады.
Буршағын сүйреткен бузаў мөңиреп,
Шапты өрден-ыққа үркип, ҳаплығып,
Қуў қамыс анасыз баладай еңиреп,
Самал да бозлады найдайналынып.
Кейин даўыл тынды, куйды нөсерлеп,
Жаўын жууўып өтти, жердиң сийнесин.
Соңғы тамшылары қумда дүсирлеп,
Уйқыдан оятты, алды нəпесин.
Кешикпей көк шығып қумның етеги,
Бир жасыл гилемдей муқамға дөнди.
Жаўын қозғаў салып кеткен кешеги,
Көзим таңда ашылған бир гүлди көрди.

## ЭТЮД

Нәў бәҳәрди сағынып келип,
Гүзде кетер қуслар кәрўаны.
Салқын самал сайларды гезип.
Желпип өтер алтын жағаны.
Желпип өтер, зер нағыс салып,
Кең далаға көрик берип кетер.
Гүллер ийисин ҳәм урлап алып,
Алысларға алдап әкетер...
Гүз келсе деп жүр едим бирақ,
Жаз саўлаты есимде қалды.
Жылға бетке жумалап қаңбақ.
Асыққандай кетти жөн алды.
Бир „тутам" күн азлық етеди,
„Шөмиш кеппес" дым ўақыт қысқа.
Қыялларым тарап кетеди,
Ерте менен шықсам жумысқа.
Қара таллар жапырағын төгип,
Соқпағыма гүўлеп төселер,
Түйесиңирге „бес қонақ" шөгип,
Салқын самал сайларды гезер,..

## СЕНИҢ КӨЗЛЕРИҢ...

Кеше—көзлериңде күлки бар еди,
Бүгин—көзлериңде тамшы жас көрдим.
Кеше—сенлик муҳаббатым бар еди,
Бүгин—жүзигиңде өзге қас көрдим.

Кеше—жипек едим қолыңда билсең,
Бүгин—талшығыма жараспас түйин.
Кешениң бүгиннен парқын айырсаң,
Үзилген тарымды жалғаўым қыйын.

## МЕНИҢ ӘРМАНЫМ

Азамат жигит деп арқамнан қағып,
Марапат берғенде әзиз қолларың.
Сениң қушағыңнан талпынып шығып,
Қутлықлап кеткенмен байрам таңларын.
Көз ашып көргеним туўылған топырақ,
Жыллар жетегинде жаслығым кетти.
Кемтарлық көрмедим ҳеш ўақ албырап,
Шийрин қыялларға қолларым жетти.
Ана-Ўатан ҳүрмет, иззетиңдемен,
Хызметиңдемен!
Ақ сүтиңди ақлаў,
Мениң әрманым.

Душпан ордасының әскерий постын,
Еле көзим көрмес изсиз өшеди,
Азатлық аңсаған әрманлы достым,
Жаўыз өз кепинин өзи пишеди.
Бәлки набыт болар кеш емес ўақыт,
Капитал мийрасы ширип изейде.
Мыңларға қорқыныш салған сол „табыт“
Атом бомбалары турар музейде.
Ленинлик байрақтың садық сақшысы,
Миллионлар басшысы,

Партия ураны
Тынышлық-әрманым!

Ақсам жүреклерде таза қан болып,
Гезсем пиядалап елден-еллерге
Гүл тозаңы кирпигиме шаң болып,
Қонса ыразыман. Саҳра шөллерге,—
Әмиўдей тасқынлап, алға жылжысам,
Шөлин қандырсам.
Бир бостан жаратыў
Мениң әрманым.

## ЖОЛДА

Бизлер сырлас, болдық, жолаўшы едик,
Мен жаспан, ол ғарры қолында ҳаса.
Бир мәҳәл айрылысар соқпаққа келдик,
Деди ғарры маған; „балам көп жаса!"

Ол мениң шашымның қарасын көрип,
Жаслығын еследи, басын көп шайқап.
Мен оның шашының ақларын көрип,
Келешегим ҳаққында кеткенмен ойлап.

## ХОШ ДИЛБАРЫМ!

Аэровокзал. Соңғы минутлар,
Ўақыт сонша таялып қалды.
Проводница „тез бол!"—деп датлар;
Артыма,—
Қарай-қарай көзлерим талды.
Уштық бизлер, сен келип жеттиң,
Аш нәзерим жерге қадалды,
Орамалыңды көп желбиреттиң,
Артыма,—
Қарай-қарай көзлерим талды.
Өз бағдарын дүзеп самолет,
Соң бул қала көринбей қалды.
Жүрегимде орның бир бөлек,
Артыма,—
Қарай-қарай көзлерим талды.
Хош, дилбарым! Келермен қайтып.
Өзим кеттим, сап ышқым қалды.
Қала алмадың жолға узатып,
Артыма,—
Қарай-карай көзлерим талды...

## ЕГЕР БИЛСЕ....

Алдында нәресте қолларын жайып,
Әўилдеп талпынар жети қат көкке,
Бала ынжық болса, айт кимде айып?
Кеўли өскин болсын көтер бәлентке.

Еркелеткениңди билмеген перзент,
Натық, нәмәрт, жалтаң көргенсиз болар,
Егер билсе... „Анаңа мың рахмет!"
Деген бир аўыз сөз саған даңқ болар.

## МӘЖНҮН ТАЛ

Мисли тарқатылған шашындай қыздың,
Әй, сен мәжнүн таллар, жылўалы таллар.
Теңлес сиңлисиндей бир арыў қыздың,
Наз бенен ырғалған ибалы таллар.
Астына шашқандай алтын теңгени,
Қуяш нуры ойнар салқын саяңда,
Сақый тәбияттың сени ийгени,
Не деген нәзиклик питкен бойыңда!
Күтип өз ашығын саған сүйенип,
Таңларда арзыйды қызлар сырласса,
Ярдың қәдемине сен боп ийилип,
Мәжнүн болар едим, Ләйли табылса!

## АСТРОНОМ УЛЫҒБЕККЕ

Мен бир дана адамды излеп,
Көп әсирлик соқпаққа түстим.
Ҳәм жақтырақ жулдызды гөзлеп,
Түнде татлы уйқымнан кештим.
Қыялларым астан-кестен боп,
Таң алдында айланып келди.
Илҳамларым болдырды шаршап,
Сабырландым: „өлди ол, өлди".
Қыялымда қулашын жайып,
Жансыз геўде сулайды бирақ,
Жумалаған баста әжайып,
Жуп көз қалды жулдызға қарап.

## ТӘЖИК ҚЫЗЫ ГҮЛЧЕҲРА

Көрген едим, сулыў қыздың талайын,
Бирақ, сени елге мақтап барайын.
Ал қолыңа, оймағыңды, ийнеңди,
Зер тақыяңа тақсаң моншақ болайын.

Жуп жағаңа гүлден нағыс ойыпсаң,
Қасларыңды қыйып, осма қойыпсаң,
Қырық өрим шаш, жаўырнына жайыпсаң,
Жипек шалғыныңа шашақ болайын.

Жас қәўметиң нарт шынардың талшығы,
Буннан кетсем, сағыныш-ара қашығы.
Дәли кеўлим дийдарыңның ашығы,
Мен бир кең ашылған қушақ болайын.

Айралық аңсатдур, қосылыў қыйынды,
Қыз-келиншек көрки той ҳәм жыйынның,
Ашып айталмасам ышқы, ойымды.
Муҳаббат дегеннен қашық болайын.

Көрдим сенде көздиң үлкен аласын,
Көз аңлатар сырдың жалған ырасын
Сүйсең жаным қарақалпақ баласын,
Шыптлап саған өзим ашық болайын.

## МАЗМУНЫ


Адамлар . . . . . . . . . . . . . . . . .
Әмиудәрья жағаласам бойынды . . . . . .
Балалығым . . . . . . . . . . . . . . . .
Жанан ойнасын . . . . . . . . . . . . . .
Зульфияға . . . . . . . . . . . . . . . .
Атлас кийип шықсаң . . . . . . . . . . .
Хат . . . . . . . . . . . . . . . . . . .
Қонсы женгей . . . . . . . . . . . . . .
Сағыныў . . . . . . . . . . . . . . . . .
Гүллер ашылды . . . . . . . . . . . . . .
Жетим қыз . . . . . . . . . . . . . . . .
Август ақшамы . . . . . . . . . . . . . .
З . . .ға . . . . . . . . . . . . . . . .
Бәлки . . . . . . . . . . . . . . . . . .
Ақшам жағысыңа келсем . . . . . . . . .
Анажаным . . . . . . . . . . . . . . . .
„Жети сулыўдың“ сиңлисине . . . . . . .
Жол бойында . . . . . . . . . . . . . . .
Октябрь қарлығашы . . . . . . . . . . .
Апрель таңлары . . . . . . . . . . . . .
Жаўын . . . . . . . . . . . . . . . . . .
Этюд . . . . . . . . . . . . . . . . . .
Сениң көзлериң . . . . . . . . . . . . .
Мениң әрманым . . . . . . . . . . . . . .
Жолда . . . . . . . . . . . . . . . . . .
Хош дилбарым . . . . . . . . . . . . . .
Егер билсе . . . . . . . . . . . . . . .
Мәжнун тал . . . . . . . . . . . . . . .
Астроном Улыгбекке . . . . . . . . . . .
Тәжик қызы Гүлчеҳра . . . . . . . . . .

3
4
6
8
9
11
13
14
15
16
18
20
22
23
24
26
29
31
33
37
39
40
41
42
44
45
46
47
48
49

*На каракалпакском языке*

***Узакбай Пиржанов***

# ПЕСНЯ О ЛЮБВИ

*Издательство „Каракалпакстан“*

*Нукус—1970*

Баҳасы 18 т.

„КАРАҚАЛПАКСТАН" БАСПАСЫ — 1970